दिन–बुधवार दिनांक–18.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा एक राष्ट्र एक चुनाव सँ जुड़ल विधेयकक समीक्षा कऽ रहल संयुक्त संसदीय समितिक कार्यकाल मानसून सत्र दू हजार छब्बीसक अंतिम सप्ताहक पहिल दिन धरि बढ़ा देलक अछि। ई विधेयक मे लोकसभा आओर राज्य विधानसभाक लेल एक संग चुनाव करेबाक प्रस्ताव अछि। समितिक अध्यक्ष पी.पी चौधरी संविधान संसोधन विधेयक दू हजार चौबीस आओर केन्द्रशासित प्रदेश अधिनियम संसोधन विधेयक दू हजार चौबीस पर संयुक्त समितिक कार्यकाल बढ़ेबाक प्रस्ताव रखने छल जाहि के सदन ध्वनि मत सँ पारित कऽ देलक।

---

राज्यसभाक उपसभापति हरिवंश नारायण सिंह सहित उनसठि सांसद सभक कार्यकाल समाप्त भऽ रहल अछि। एहि मे नओ महिला सांसद छथि। आइ हिनका सभ के सदन मे विदाई देल गेल। एहि मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि जे संसदीय लोकतंत्र मे हिनका सभक योगदान सदिखन याद कयल जायत। प्रधानमंत्री उपसभापति हरिवंशक सदन मे योगदानक प्रशंसा करैत जनौलनि जे सदन के चलाबय मे सभक विश्वास जीतबाक हुनक तौर–तरीका बेसी प्रशंसनिय रहल अछि। एहि बिच उपसभापति अपन संसदीय अनुभव के जनौलनि। ओ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, सदनक नेता जे.पी. नड्डा आओर विपक्षक नेता मल्लिकार्जुन खड़गे सहित सभ सदस्यक प्रति आभार जतौलनि।

---

केन्द्र सरकार पश्चिम एशिया मे बनल स्थिति के देखैत राज्य मे वाणिज्यिक एलपीजीक आवंटन के बीस प्रतिशत सँ बढ़ा कऽ तीस प्रतिशत करबाक लेल जनौलक अछि। पेट्रोलियम आओर प्राकृतिक गैस मंत्रालयक संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा नव दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत ई जनतब देलनि। श्रीमती शर्मा सभ राज्य आ केन्द्र शासित प्रदेशक मुख्य सचिव सभ के चिट्ठी लिखि कऽ सेहो ई जनतब देलनि अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ समृद्धि यात्राक बिच जमुई जिला मे तीन सय बारह करोड़ टाकाक लागतिवला एक सय नवासी योजनाक शिलान्यास आओर छओ सय दू करोड़ टाकाक लागतिवला एक सय एकासी योजनाक उद्घाटन कयलनि। मुख्यमंत्री नवादा जिला मे पचपन करोड़ टाकाक लागति सँ बनल सैतीस योजनाक उद्घाटनक संग–संग दू सय चौवालीस करोड़ टाकाक एक्कैस योजनाक शिलान्यास कयलनि। मुख्यमंत्री एहि बिच दुनू जिला मे चलाओल जा रहल कतेको विकास आओर कल्याणकारी योनजाक समीक्षा कयलनि। ओ जनसंवादक बिच जनौलनि जे राज्य सरकार हरेक क्षेत्र मे विकासक लक्ष्य के प्राप्त करबाक लेल काज कऽ रहल अछि। एहि दरमियान उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी सहित राज्य मंत्रिमंडल कतेको सदस्य आओर जनप्रतिनिधि सभ छलाह।

———————————————————————

बिहार विद्युत विनियामक आयोग अगिला वित्तीय बरखक लेल बिजली दर मे कोनो बदलि नहि कयलक अछि। आयोग उपभोक्ता सभ के पैघ राहत दैत जनौलक जे एक अप्रैल सँ पुराने दर लागू रहत। आयोग बिजली कंपनीक सभ श्रेणी मे पैंतीस पाई प्रति युनिट बढ़ेबाक प्रस्ताव खारिज कऽ देलक अछि। विनियामक आयोग स्पष्ट कयलक अछि जे शहरी आओर ग्रामीण क्षेत्र मे एक जेहेन दर लागू कयल जायत। संगहि, घरेलू उपभोक्ता सभ लेल एक स्लैब लागू होयत।

———————————————————————

योजना आ विकास मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव जनौलनि अछि जे सटिक आंकड़ा आओर वैज्ञानिक योजनाक आधार पर विकास योजना लागू कऽ विकसित बिहारक लक्ष्य प्राप्त कयल जा सकैत अछि। श्री यादव आइ पटना मे पर्यावरण लेखाकन आओर जेंडर सांख्यिकी पर आयोजित कार्यशालाक उद्घाटनक मौका पर जनौलनि। एहि सँ सतत विकास लक्ष्यक निगरानी लेल तंत्र विकसित करब आओर राज्यक सांख्यिकी क्षमता के सुदृढ़ बना कऽ विकास योजना के बढ़ियां सँ लागू करब अछि। कार्यशाला के केन्द्रीय सांख्यिकी आ कार्यक्रम कार्यान्वयन मंत्रालयक सचिव सौरभ गर्ग, राज्यक मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत सहित कतेको गणमान्य लोक सभ संबोधित कयलनि।

———————————————————————

मध्य प्रदेशक इंदौर मे आगि लागि गेला सँ किशनगंजक एकहि परिवारक छओ लोक सहित आठ लोकक मृत्यु भऽ गेलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि घटना पर शोक जतबैत प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राहत कोष सँ दू–दू लाख टाकाक अनुग्रह राशि देबाक लेल जनौलनि अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच सीतामढ़ी, मधुबनी, दरभंगा, शिवहर, सुपौल अररिया किशनगंज सहित कतेको जिला मे किछु ठाम तेज हवाक संग हल्लुक बरखा भेल अछि। एम्हर, पटना आओर लऽग पासक क्षेत्र मे तेज रौदक कारण तापमान तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस बढ़ल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे एक दिनक बाद चक्रवातीय परिसंचरणक कारण राज्यक बेसी भाग मे मौसम मे बदलि भऽ सकैत अछि। एहि बिच राज्यक उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्व आओर दक्षिण–पूर्वी क्षेत्र मे कतेको ठाम तेज अन्हर–विहारिक संग ठनका सेहो खसि सकैत अछि। एहि के लऽकऽ विभाग येलो अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त